



## ENSTRIKSYON TWOUS TÈS COVID-19 LA

*Eta Delaware lan ap ofri tès COVID-19 sa pou ou gratis. Patisipasyon se VOLONTÈ.  
Kontakte 2-1-1 si ou gen plis kesyon oswa pou enkyetid.  
Moun ki soud oswa ki gen pwoblem tandè ka tèks kòd postal yo nan 898-211.*

### Sa Ki Nan Twous la:



Yon sachè Biohazard    Yon bwa koton esteril    Yon eponj koton (pa itilize sa)    Yon tib plastik\*

\*Pran prekosyon lè wap manyen tib plastik lan. Tib la gen yon likid ki danje landan ki itilize pou estabilize echantiyon ou an. **FÈ ATANSYON POU OU PA GAYE LIKID LA OSWA BWÈ SA KI NAN TIB LA.**

**Tanpri pa manje, bwè, oswa bwose dan ou pandan 20 minit avan tès la.**

### Enstriksyon Twous la:

1. Retire bwa koton an nan sachè plastik li an. Pa lage li oswa depoze li sou okenn sifas.
2. Touse 3 a 5 fwa nan mask oswa kouvèti figi ou an.
3. Fwote bwa koton **an andan bouch ou**. Fwote li nan bò figi gòch ou ak nan bò figi dwat ou. Epitou pase bwa koton an nan zansiv ou ni anwo ak anba, anlè lang ou, ak anba lang ou. Dènyeman ou dwe pase bwa koton an anlè bouch ou. Fè chak kote pou omwen senk segonn pou asire ke bwa koton an kolekte ase likid bouch ou pou tès la.
4. Pa manyen bwa koton an oswa depoze li sou okenn sifas apre ou retire li nan bouch ou.
5. Devise tèt tib plastik la epi antre bwa koton ki soti nan bouch ou an andan tib la. *Si bwa koton an twò lontan pou anfòm nan tib la, kraze li nan koube bwa koton a jiskaske li adapte. **FÈ ANPIL ATANSYON POU OU PA JETE LIKID LA OSWA GOUT PRELÈVMAN AN.***
6. Vise tèt tib la byen sere. Vire tib la tèt anba plizyè fwa pou melanje echantiyon an avèk likid ki andedan tib la. **Asire ke okenn likid pa gaye.**
7. Mete tib la nan sachè biohazard la epi fèmen tèt sachè a.
8. Retounen sachè a ak tout sa ki andan li yo nan bwat koleksyon an.
9. Laboratwa Curative la ap voye rezilta ou yo nan imèl ou nan 3 jou – se yo menm ki fè tès la. **Si ou pa bay yon adrès imèl, wap resevwa yon apèl nan nimewo telefòn ou te bay la nan 5 jou.**